

## **SNAP-BB Senior Insert - Haitian Creole**

### **Ki sa SNAP ye?**

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè a (Supplemental Nutrition Assistance Program) ede moun ak fanmi ki gen revni ba achte manje ki bon pou lasante epi ki nitritif. Ou ka elijib pou resevwa SNAP—li enfòmasyon ki anba a pou aprann plis sou sa!

### **Aplikasyon ki pi fasil pou moun aje yo!**

Moun aje yo ka aplike pou benefis SNAP lè yo itilize yon fòm ki pi kout. Aplikasyon SNAP pou moun aje yo gen mwens kesyon epi li pi fasil pou yo li.

Ansuit, yon responsab ka SNAP pral rele w pou mete randevou pou yon entèvyou pou pale avèk ou konsènan aplikasyon w lan. **Tanpri asire w ou mete nimewo telefon ou sou aplikasyon SNAP la.**

Ou kapab poste bay responsab ka SNAP ou a tout prèv li mande w, tankou yon dokiman ki gen non w ak adrès ou sou li, nimewo sekirite sosyal ou ak bil medikal ou yo aprè entèvyou a.

### **Èske m ka posede pwopriyete epi anmenmtan aplike pou SNAP?**

Ou ka posede kay pa w, byen pèsonèl ou, machin ou epi ou ka gen lajan labank.

Si w se yon moun aje ki abite poukонт ou epi revni mansyèl total ou (anvan taks) se \$1,915 oswa mwens, ou pa pral gen pou bay enfòmasyon ak prèv pou resous fwaye a tankou kont labank oswa lòt bagay ou genyen ki gen valé.

Si w se yon moun aje ki abite avèk konjwen w epi revni mansyèl total nou ansanm (anvan taks) se \$2,585 oswa mwens, ou pa pral gen pou bay enfòmasyon ak prèv pou resous fwaye a.

Si w se yon moun aje epi revni total ou (anvan taks) pi wo pase montan ki site anwo a, ou pral gen yon limit \$ 3,250 nan resous fwaye a ou ka posede epi toujou gen posiblite pou resevwa benefis SNAP. Sa vle di yo pral mande w pou bay enfòmasyon ak prèv pou resous fwaye a.

Ou pa bezwen vizite ofis SNAP la pou aplike.

Voye aplikasyon ou fin ranpli a nan: DTA Document Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton MA 02780-0420.

*Enpòtan: Amplwè nan Councils on Aging, Senior Housing Developments, sant medical ak lòt òganizasyon komunitè yo ka ede w aplike pou benefis SNAP yo!*

**Rele 1-866-950-FOOD**

Lendi a vandredi

apati 8:45 A.M. jiska 5:00 P.M.

Oubyen vizite **[www.mass.gov/dta](http://www.mass.gov/dta)**